



Pou Piblikasyon Imedya: 03/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL RATIFYE LEJISLASYON POU AMELYORE EDIKASYON NAN PRIZON ETA YO

### *Lejislasyon S.5468/A.2530 tabli yon komisyon pou etidye epi devlope yon plan pou amelyore edikasyon nan prizon eta yo*

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.5468/A.2530) pou tabli yon komisyon pou etidye epi devlope yon plan pou amelyore edikasyon nan prizon eta yo.

"Lè moun ki nan prizon yo reantre nan sosyete a, li enpòtan pou nou asire yo prepare pou fòje yon wout pou tèt yo ak fanmi yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou anbake nan yon etid ki detaye sou kijan nou ka amelyore edikasyon pou moun ki nan prizon yo, n ap kapab idantifye epi mete anplas pwogram ak resous ki nesesè pou asire ke sila yo k ap reantre nan sosyete a gen pi bon chans pou reyisi. Sa p ap sèlman benefisyè moun nan ak fanmi li, men kominote a an jeneral tou."

Lejislasyon S.5468/A.2530 vize pou prevni residivis lè li pran mezi pou amelyore edikasyon nan prizon. Lejislasyon sa tabli yon komisyon ki konpoze ak nèf manm k ap etidye epi devlope yon plan pou amelyore edikasyon sa. Komisyon an ap konpoze ak twa moun Gouvènè a nonmen, de Prezidan Asanble a nonmen, youn Lidè Minoritè nan Asanble a nonmen, de Prezidan Sena tanporè a nonmen, ak youn Lidè Minorite Sena a nonmen.

**Senatè Kevin Parker te deklare,** "Sistèm prizon eta a dwe fè yon pi bon travay nan prepare moun ki nan prizon yo ou reantre nan sosyete a pou yo ka mennen yon vi ki gen sans. Lwa sa ap asire ke n ap mete anplas pwogram edikatif nan prizon pou prepare moun yo pou vin manm k ap kontribye nan sosyete a lè yo libere. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li fè sa yon priyorite."

**Manm Asanble Charles Barron deklare,** "Pwojè lwa sa pale pou deplase konplèks prizon endistriyèl la pou soti nan pinisyon pou pase nan edikasyon ak liberasyon posib moun ki nan prizon an. Nou dwe konstui yon sosyete kote yo priyore edikasyon sou anprizònman."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)